



EDIKASYON PASYAN AK MOUN K AP BAY SWEN

Kijan pou Itilize Gout Je Fluorouracil (5-FU) yo

Enfòmasyon sa a eksplike kijan pou itilize gout pou je fluorouracil (Flò-woyou-ra-sil) yo. Gout pou je ki gen fluorouracil yo souvan rele gout pou je 5-FU.

Enfòmasyon sou gout pou je 5-FU yo

Gout pou je 5-FU se yon medikaman chimyoterapi (chimyo) ke yo itilize pou trete neyoplazi (Ne-yo-pla-zi). Neyoplazi se selil anòmal (ki pa nòmal) ki nan je a. Yo ka itilize gout pou je 5-FU a pou geri tisi ki sikatrize a kote je a.

Pwofesyonèl swen sante w la ap preskri w gout pou je 5-FU a ansanm ak pomad eritwomisin (E-ri-two-mi-sin]. Pomad la pwoteje po w kont gout 5-FU yo, epi li san danje pou je w.

Gen kèk moun ki fè alèji a pomad eritwomisin lan. Olye de sa, pwofesyonèl swen sante w la ap preskri w pomad TobraDex® (yon melanj tobramisin ak deksametazòn)

Ou ka al pran yo nan:

Rockefeller Pavilion nan 53yèm Ri

160 E. 53yèm Ri, 3yèm Etaj Famasi

New York, NY 10022


Soti Lendi rive Vandredi, soti 9è nan maten pou rive 5:45 nan aprè midi

646-888-0731

Etap pou itilize gout pou je 5-FU yo

1. Lave men w. Asire w ke yo sèch anvan w itilize pomad la.

2. Mete yon koch pomad tou fen sou po anba je kote w ap trete a (Gade Imaj 1). Pa mete l nan je w.
3. Lage yon gout 5-FU a nan je ki afekte a.
4. Siye tout gout ki tonbe anlès avèk yon mouchwa ki pwòp. Aprè sa jete mouchwa a.
5. Lave men w ankò.



Imaj 1. Kote pou mete pomad

Itilize gout pou je 5-FU a ak eritwomisin lan oubyen Tobradex 4 fwa pa jou. Eseye mete yo nan yon espas egal. Pa egzanp, ou ka itilize yo pandan dejene, manje midi, dine ak anvan w al dòmi.

Nan fen chak jounen, jete boutèy gout pou je 5-FU ou te itilize a. Itilize yon nouvo boutèy chak jou pandan 7 jou.

Efè segondè gout pou je 5-FU yo

Ou ka santi je w irite (pa egzanp, wouj, grate w, oubyen brile w) oubyen sèch aprè ou fin itilize gout pou je 5-FU yo. Si se ka sa, sèvi ak gout pou je librifyan (re-imidifye) ki vann san preskripsyon yo, tankou Refresh[®], Genteal[®] oubyen Systane[®]. Ou pa bezwen preskripsyon pou achte yo.

Itilize gout pou je librifyan 10 minit aprè ou mete gout 5-FU a nan je w. Gout 5-FU yo ap mwens efikas si ou mete gout librifyan yo twò bonè.

Lè pou rele pwofesyonèl swen sante ou

Rele pwofesyonèl swen sante ou a si w:

- Gen yon gratèl bò je w.
- Gen yon gwo doulè (fè mal anpil) oubyen brili nan je w yo.
- Gen vizyon twoub.

Ale nan sal ijans ki pi prè w la si w:

- Gen pwoblèm pou respire.
- Gen bò je w yo ki anfle anpil.
- Gen gwo chanjman nan vizyon w.
- Santi ke kè w ap bat rapid anpil. Sa rive yon lè konsa.

Si ou gen kesyon oswa enkyetid, kontakte pwofesyonèl swen sante w la. Yo manm nan ekip swen w la ap reponn Lendi rive jiska Vandredi soti 9è A.M rive 5è P.M Lè lè sa yo pase, ou kapab kite yon mesaj oswa pale avèk yon lòt pwofesyonèl swen sante nan MSK. Toujou genyen yon doktè oswa enfimyè ki disponib. Si w pa konnen fason pou w jwenn pwofesyonèl swen sante w la, rele nan 212-639-2000.

Pou w jwenn plis resous, ale sou www.mskcc.org/pe pou w fè rechèch nan bibliyotèk vityèl nou an.

How To Use Fluorouracil (5-FU) Eyedrops - Last updated on January 9, 2026
Se Memorial Sloan Kettering Cancer Center ki posede ak rezève tout dwa yo